



ARCHDIOCESE OF MIAMI

Office of the Archbishop

September 26, 2016

Chè paran ak zanmi Archbishop Curley-Notre Dame:

Nan kòmansman ane eskolè 2017-2018, Archbishop Curley-Notre Dame High School pral fè yon fizyon ak Monsignor Edward Pace High School nan Miami Gardens. Achedyosèz la deside konsolide 2 lekòl sa yo pou elèv yo ka toujou jwenn yon bonjan ekperyans prezans Jezi Kri ak yon bon ekperyans edikatif ranfòse ak lòt opòtinite andeyò pwogram regilye. Paske pitit ou a prale nan yon pi gran lekòl, l ap jwenn pi bon pwogram akademik, nouvo teknoloji, pwogram atizay, 70 klib ak lòt aktivite toujou. An plis, li ka al jwi yon ekselan pwogram spò k ap ofri plizye ekip byen respekte pou li patisipe ladan an.

Li se entansyon nou bay yon tranzisyon byen dous pou pitit ou. Elèv yo ki rete enskri nan ACND pou tout ane 2016-2017 la, ki kenbe nòm akademik yo, epi an menm tan ki peye sa l dwe ACND nan ACND gen plas asire epi yo elijib pou èd pou peye lekòl. Yo pral akomòde elèv ki nan klas 6 ak 7 nan youn nan plizyè lekòl katolik elemantè ki nan zòn lan.

Yo pral adrese detay konsènan fizyon sa a pandan reyinyon kap vini pwograme nan ACND ak nan Monseye Pace. Enkli ak lèt sa a se enfòmasyon konsènan orè reyinyon sa yo epi kèk repons a kesyon posib ou ka genyen konsènan edikasyon katolik pitit ou a kontinye Katolik nan Msgr. Pace High School.

Archbishop Curley ak Notre Dame, yo toude te fonde an 1953; yo fizyone nan lane 1981 kòm Archbishop Curley-Notre Dame (ACND). NI anvan, ni apre yo fizyone, ACND gen yon istwa remakab ak distenge; Gras a ACND ak nivo akademik li ansanm ak prinsip li yo, travay charitab li y oak bèl tradisyon yo, ni elèv yo, ni kominote a te beni byen beni.

Achedyosèz Miami a rekonesan pou pakèt prèt, chè frè ak chè sè yo ak lòt pwofesè yo ansanm ak tout moun, ki te mete tèt ansanm pou asire siksè elèv nou yo. Nou pale de paran yo, byenfèktè yo ak manm bòd yo ki te bay tèt yo

Msgr. Edward Pace High School te fonde nan 1961 sou 44 kawo tè nan Miami Gardens, bò kote St Thomas University. Msgr. Pace se youn nan pi lekòl katolik segonde yo Ozetazini. US Department of Education onore li ak yon Blue Ribbon pou ekselans akademik.. Pami sijè ak kous li ofri yo se pwogram Nationbal Advanced Placement ak pwogram "Dual enrollment". Epi, menmjan parèyman ak ACND ansyen elèv yo jwenn sikè ak prestij kom lidè nan kominote yo. Ou mèt gen asirans Achedyosèz Miyami rete angaje pou edikasyon katolik nou bay pitit ou yo toujou ekselan.

Se priyè nan lapriyè ni pou pitit nou yo ak pou fanmiy nou yo.

Sevitè ou nan Jezi Kri,

Monsenyè Thomas Wenski
Achevèk Miyami a

Kesyon ak repons ki ka enterese paran oubyen gadyen elèv Archbishop Curley Notre Dame (ACND) konsènan fizyon an ak Msgr. Edward Pace High School.

Ki lè sa pral fèt?

0Sa ap fèt nan mwa Out 2017, nan kòmansman ane eskolè 2017-2018.

Poukisa n ap fè sa?

Achedyosèz Miyami kwè sa pral ranfòse eksperyans edikatif elèv yo paske Monsignor Pace ka ofri plis pwogram, pi bon program ki pa nan posibilite ACND.

Ki kote se Msgr. Edward Pace High School ye?

Msgr. Edward Pace High School sitiye nan 15600 Nòdwès 32nd Avenue nan Miami Gardens akote St Thomas University.

Èske yo pral aksepte pitit mwen an Msgr. Pace?

Wi, n ap aksepte Pitit ou nan Msgr. Pace High School depi li fini ane sa a nan ACND epi depi l peye sa l dwe ACND an menm tan li bay yon bon randman akademik.

Kouman pou mwen enskri pitit mwen nan Msgr. Pace?

Nan mwa janvyè 2017 ou pral resevwa yon pake enskripsyon pou pitit ou. Nan ki pake se aplikasyon an pou admisyon nan Msgr. Pace. Yon fwa fòm ki nan anvlòp ranpli li nou dwe voye l tounen nan Msgr. Pace ak \$ 200 (pri enskripsyon an anvan Mas 3,2017. Ak sa, pitit la enskri epi li se yon elèv nan Msgr. Pace.

Èske gen salklas ase nan Msgr. Pace pou akomode fizyon an?

Wi, n ap prevwa sa a.

Ki sa pitit mwen ap bezwen pou anviwònman teknoloji Monsignor Pace laa?

Li gen yon “1:1 iPad digital learning environment”. Okomansman Ane Eskolè 2017-18, y ap bay pitit ou yon “I-pad”.

Èske Msgr. Pace High School gen yon Pwogram “spirityèl” pou elèv yo?

Wi, epi ou ka jwenn plis enfòmasyon nan kont “Instagram” @pacecampusministry,

Kijan mwen kapab aplike pou asistans ekonomik (bous) pou pitit mwen?

Yon fwa ou resevwa pake enskripsyon ou a tanpri kontakte Madam Zoe Double, Direktè Finans nan ACND. Se li menm ki pral ede pote enfòmasyon pitit ou nan ACND ki ka nesèsè pou li jwenn èd la nan Monsignor Pace. Madam Double ka reponn nenpòt kesyon ou mèt genyen.

Èske Msgr. Pace aksepte bous etid leta a patwonnen?

Wi, Msgr. Pace aksepte StepUp, McKay, Gardiner (ansyen konnen kòm PLSA), ak AAA bous deta.

Ki jan pitit mwen ap vwayaje pou ale ak pou soti nan Msgr. Pace?

Msgr. Pace bay transpò nan otobis pou elèv li yo ki enkli nan lajan pou peye lekòl la.. Msgr. Pace LI pase nan plizye pawas katolik nan zòn la kote pitit ou ka monte-desann.

Èske relve nòt pitit mwen an dwe transfere nan Msgr. Pace?

Wi, tout relve nòt pou aktyèl yo ak sot pase elèv yo ACND / gradye yo pral double klas nan Msgr. Pace High School.

Ki inifòm pitit mwen pral mete? Èske pral genyen inifòm gratis ane pwochèn? Ki sa ki pral pri a nan inifòm nouvo?

Elèv yo ACND yo ka mete pantalon kaki – an menm tan y ap bay yo 3 chemiz wouj (inifòm Pace). Si ou bezwen plis chemiz oubyen pantalon ou met achte yo nan magazen “Spartan” ki chita lakou Monsignor Pace..

Kouman mwen ka jwenn enfòmasyon sou Msgr. Pace ?

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite entènèt Monsignor Pace High School la nan pacehs.com. Madi, 11 Oktòb 2016, a 7è diswa Paran yo envite nan yon reyinyon nan ACND.. Jou sa, ou ap gen opòtinite a al kontre Madam Ana Garcia, direktriz Msgr. Pace High School ak kèk nan elèv yo ki reprezante lekòl yo. Anplis de sa, nou t envite nan Msgr. Pace nan yon “Open House” Samdi, 29 oktòb, 2016 a 8:30 dimaten ouswa 10:30 dimaten. . Lè sa a, w a rankontre administrasyon Monsignor Pace a, pwofesè yo, kèk nan elèv yo ak manm klib ak manm ekip espò lekòl la yo.

Mwen gen yon pitit ki elèv nan sizyèm / setyèm grad. Nan ki lekòl pitit mwen kapab ale?

Achedyosèz Miyami a ap travay ak plizyè lekòl katolik nan zòn lan kote nou ka enskri pitit ou a. Men, lekòl say o: Holy Family St James, St Lawrence ak St. Mary’s. Nan mwa’d fevriye n a bay plis enfòmasyon sou sa.

You may contact the Superintendent of Schools’ office at 305 762-1019 for more information.